



Pou Piblikasyon Imedya: 28/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN INISYATIV “NO STUDENT GOES HUNGRY” A POU BAY AKSÈ A MANJE KI BON POU SANTE KE YO TE KILTIVE SOU PLAN LOKAL POU ELÈV DEFAVORIZE YO

Inisyativ lan Ap Akonpli Pwomès Eta Leta a pou Bay 7 milyon dola nan Finansman Leta pou 1,400 Lekòl Ki Ofri Manje Maten Apre Ke Klòch la Sonnen

Elaji Pwogram “Farm-to-School” lan ki te Reyisi an ak 1.5 Milyon Dola nan Sibvansyon pou Lekòl yo epi Ankouraje Opsyon Manje Lokal yo

Li Asire ke Yo Pral Trete Tout Elèv yo ak Dinyite ak Respè epi Ke Yo Pral Gen Aksè a Pla Manje nan Lekòl yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwogram “No Student Goes Hungry” (Okenn Elèv Pa Rete Grangou an). Pwogram global sa a abòde ensekirite alimantè nan elaji aksè a manje maten gratis pou elèv ki nan povrete yo, ogmante aksè a manje fre ki soti nan fèm yo epi asire ke tout elèv yo gen aksè a pla manje nan lekòl yo san yo pa pè pou moun fè yo wont. Pwogram lan gen ladan tou 1.5 milyon dola pou elaji pwogram “Farm-to-School” (Soti nan Fèm Ale Lekòl lan) ki te reyisi an.

“Yon pla manje ki byen ekilibre ka fè tout diferans nan lavi yon timoun, nan bay fokis ak enèji ke yo bezwen pou yon jounen lekòl pwodiktif”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Okenn timoun pa ta dwe janm gen pou mande tèt yo ki kote ke pwochen pla manje yo an pral soti, sa ki fè ke pwogram ‘No Student Goes Hungry’ an enpòtan anpil pou ede elèv yo atravè New York atenn tout potansyèl yo chak jou.”

“Inisyativ sa a pral elaji pwogram manje maten ki gratis pou elèv defavorize yo epi ofri fwi ak legim ki soti nan fèm lokal yo -- paske okenn elèv pa ta dwe grangou nan lekòl yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa a pral bay lekòl ki nan zòn ki gen anpil povrete yo resous ke yo bezwen pou asire ke tout elèv yo gen aksè a manje maten ki bon pou sante pou ke yo ka gen enèji pou ka reyisi nan sal klas lan ak nan lavi chak jou yo.”

Pwogram “No Student Goes Hungry” an ap sipòte zòn ki gen anpil povrete yo atravè eta a pou fè manje maten aksesib pou elèv yo apre ke jounen lekòl la te kòmanse. Anvan ke yo te mete pwogram nan sou pye, anpil lekòl ta pral ofri sèlman manje maten bay

elèv yo anvan kòmansman lekòl yo pandan ke bis yo ap rive, sa ki te kite anpil elèv ki pa disponib pou tire avantaj de pwogram pla manje yo.

Eta a ap bay 7 milyon dola nan finansman pou sipòte ekipman pou lekòl ki gen anpil povrete yo ki ap ofri manje maten yo apre son klòch lan, asiste lekòl yo nan achte ekipman tankou frijidè, tèmòs, machin pou vann atik yo, ak kyòsk manje maten yo pou sipòte tranzisyon nan manje maten apre son klòch lan.

Pwogram nan ap mete tou 1.5 milyon dola disponib pou distrik eskolè ki kalifye yo pou sipòte kwasans pwogram “Farm-to-School” yo. Pwogram nan ede lekòl matènèl yo pou rive jiska Klas 12^{yèm} ane yo ogmante volim ak varyete manje ke yo te kiltive epi pwodwi onivo lokal yo nan meni lekòl yo, amelyore sante elèv yo, epi edike jèn yo sou agrikilti. Pwogram lan ap asiste tou ekonomi agrikòl lan, ki ap bay biznis adisyonèl bay fèmye New York yo. Finansman pou pwogram “Farm-to-School” lan te double nan Bidjè 2018-19 Eta a.

An plis, pou ankouraje distrik eskolè yo itilize pwodwi fre ki soti nan fèm yo nan kefetarya lekòl yo, eta a pral bay yon ogmantasyon nan ranbousman lekòl yo resevwa pou manje midi yo soti nan 5.9 santim aktyèl lan pou rive nan 25 santim pa pla manje pou nenpòt distrik ki achte omwen 30 pousan engredyan li yo nan men fèm New York yo.

Senatè Carl Marcellino, ki se Prezidan Komite Pèmanan Sena a sou Edikasyon (Committee on Education) te deklare, “Timoun lekòl yo pa ta dwe janm gen responsabilite pou alimante tèt yo oswa rete grangou akòz ke paran yo pa ka peye pou li. Nan garanti yon pla manje apre son klòch lan pou elèv ki nan povrete yo, inisyativ sa a asire ke chak ak tout timoun atravè Eta New York pral gen aksè a pwodwi ak pla manje ki bon pou sante ke yo bezwen pou reyisi nan ak an deyò sal klas lan”.

Manm Asanble a Cathy Nolan, ki se Prezidan Komite Edikasyon an (Education Committee), te deklare, “Lè timoun yo ale lekòl, yo ta dwe kapab konsantre sou sa ki ap pase nan sal klas lan. Inisyativ sa a ap ede asire ke yon pèfòmans akademik timoun pa janm soufri akòz grangou epi ke yo pa janm entimide oswa fè yo santi yo wont oswa anbarase poutèt enkapasite yo pou peye pou pla manje nan lekòl yo. Mwen ta renmen tou remèsye Pòtpawòl Heastie poutèt wòl li jwe nan ede priyoreze reyisit elèv New York yo”.

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, “Okenn timoun pa ta dwe janm gen pou enkyete yo sou ki kote ke pwochen pla manje yo an pral soti, oswa entimide oswa santi yo wont poutèt enkapasite yo pou peye pou li. Inisyativ sa pral ede nou asire ke tout timoun yo gen aksè a alafwa yon manje midi ak manje maten ki bon pou sante, ki konplè ak pwodwi ki fre. Nan elaji aksè a manje maten gratis epi asire ke chak fanmi okouran de avantaj ki an rapò ak pla manje yo, nou kapab ede timoun yo jwenn reyisit nan ak an deyò sal klas la. Mwen ta renmen tou remèsye Prezidan Komite Edikasyon nou an Cathy Nolan poutèt lidèchip li sou pwoblèm enpòtan sa a”.

Lè yon timoun grangou, trè souvan sa lakòz li fè move nèt, li rate jou lekòl, li double klas, e elèv sa a gen pwoblèm pou konsantre, dapre sa Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention) di. Pou anpil

timoun, Pwogram Nasyonan Manje Midi nan Lekòl la (National School Lunch Program) ak Pwogram Manje Maten nan Lekòl la (School Breakfast Program) ofri pi bon opòtinite pou jwenn yon pla manje nourisan regilyèman pandan semèn nan.

Malerezman, pandan ke prèske 60 pousan elèv nan lekòl piblik New York yo elijib aktyèlman pou jwenn yon manje maten gratis oswa a pri ki redwi nan lekòl la, se sèlman 34 pousan nan elèv sa yo ki manje dejene chak jou, dapre Depatman Edikasyon Eta New York lan (New York State Education Department). Pwogram “No Student Goes Hungry” an vize konble vid sa a.

Finalman, New York te entèdi yo fè moun wont akoz manje yo, yon pratik ki nan kèk lekòl kote yo konn separe timoun yo, bay yon pla manje ki pi piti, oswa otreman trete yo yon fason diferan poutèt yo pa gen lajan pou yon pla manje. Pwogram sa a pral egzije distrik yo adopte yon politik pou abòde jan yo pral kominike dèt pou pla manje yo bay paran yo, pandan ke yo ap asire ke chak elèv toujou jwenn yon pla manje nan lekòl la san imilyasyon oswa wont.

Politik global Gouvènè Cuomo yo ap asire ke tout elèv New York yo pral gen pi gwo aksè a manje ki bon pou sante, ke yo te pwize onivo lokal pou manje maten ak manje midi pou ane eskolè 2018-19.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)